

# Dokiman Obligatwa pou Fon abitan New Jersey yo Ekskli yo

Si w gen plis pase 18 lane, w ap viv New Jersey, ou gen yon revni familyal chak ane ki pi piti pase \$55,000 epi yo te retire w nan ed federal pou COVID la, ou ka elijib pou w jwenn ant \$2,000 ak \$4,000 nan pwogram sa a.

W ap gen pou w bay kek dokiman pou w montre ou kalifye. Ou ka soumèt dokiman w yo sou entènèt lè w voye yon foto oswa yon PDF ale dirèkteman sou telefòn entèlijan w oswa sou òdinatè w sou sit entènèt nou an.

## Gen plizyè fason ou ka demontre ou kalifye.

### 1. Yo te retire w nan ed federal pou COVID la (sa a aplike sèlman pou moun (yo) k ap fè demann nan.

- Ranpli Deklarasyon Taks pou ane 2020 an **oswa**
- Deklarasyon labank pou mwa avril ak me 2020, desanm 2020, janvyè 2021, epi avril ak me 2021

Si w pa genyen dokiman sa yo, **ou mèt toujou aplike pou Fon an.** Ou oblije soumèt yon atestasyon eskliyon ki di yo te retire w nan asistans federal ak nan asistans pou chomaj lè gen pandemi nan aplikasyon an.

### 2. Revni anyèl familyal ou nan oswa pi ba pase \$55,000

- Deklarasyon taks kolektif oswa endividyèl
- Lèt nan men patwon oswa nan men yon òganizasyon sèvis sosyal oswa yon òganizasyon ki pa la pou l fè pwofi
- Bilten pèman pou 2 dènye mwa yo
- Depo/relve labank ki montre kantite revni w pandan 2 dènye mwa yo
- Lèt Prim Benefis, pa egzanp nan men Administrasyon Sekirite Sosyal la

Si w pa gen okenn nan dokiman sa yo, asistan aplikasyon w lan ap ede w jwenn yon lòt fason pou montre revni w.

### 3. Idantite w, laj ou, ak paske w ap viv nan New Jersey

Yon (1) dokiman nan Lis A a oswa youn (1) nan Lis B a + youn (1) nan Lis C a

#### Lis A

Dokiman ki Pwouve Alafwa Idantite ak Adrès yo

Tanpri chwazi yon eleman nan lis ki anba a

- Kat Idantite NJ oswa Minisipal
- Lisans Chofè NJ
- Kat Etidyan Elèv NJ
- Bòdwo sèvis piblik, telefòn selilè, oswa entènèt
- Relve bank/asirans
- Deklarasyon Taks pou ane 2019/2020 an
- Bilten pèman anplwayè a
- Resi lwaye, kontra lwaye, ipotèk
- Lèt yon ajans sèvis sosyal
- Lèt founisè swen sante
- Lèt yon ajans nan gouvènman an

OSWA

#### Lis B

Dokiman ki Pwouve Idantite yo  
Tanpri chwazi yon eleman nan lis ki anba a

- Kat Idantite Etidyan/relve nòt
- Paspò/Ak de Nesans/Lisans chofè nenpòt peyi
- Kat Idantite Konsila
- Ak de Nesans yon timoun Ameriken ak non w
- Lèt IRS oswa ITIN
- Maryaj/divòs
- dokiman tribinal ameriken

+  
ak

#### Lis C

Dokiman ki Pwouve Idantite yo  
Tanpri chwazi yon eleman nan lis ki anba a

- Lèt ki gen siyati ak dat, ki gen non konplè ak nimewo telefòn moun ki ekri lèt la, nan men antite sa yo:
- Pwopriyete, reprezantan legliz, founisè swen sante, founisè sèvis, abri ki rekonèt w ap viv nan NJ.

Lis konplè dokiman yo disponib sou [ExcludedNJFund.nj.gov](https://www.ExcludedNJFund.nj.gov)